

8 avril, 2016

Chè Fanmi ak Kominote Cambridge Public Schools (CPS),

Mwen ap ekri ou pou pataje kèk dènye nouvèl ak enfòmasyon sou Egzamen Tout Eta a elèv ki nan Klas 3-10^{èm} ane pran chak ane pandan Prentan. Depi 18 lane, elèv CPS yo pran yon tès *avèk kreyon ak papye* ki rele MCAS (Massachusetts Comprehensive Assessment System - Sistèm Egzamen Konplè Massachusetts) pandan trimès Prentan an. Otòn ki vini apre a, fanmi yo resevwa yon rapò ki endike si pwen pitit yo make nan tès yo satisfè sa yo atann pou nivo klas li. An plis, Eta a itilize egzamen sa a pou ede distri lekòl yo idantifye gwoup elèv ki bezwen plis oswa diferan kalite sipò pou yo kapab reyisi.

Nan dezan k ap vini yo, tout lekòl leta Massachusetts pral pase sou yon egzamen sou *òdinatè*, ki gen pou ti non MCAS 2.0. Nou toujou ap devlope MCAS 2.0 epi li baze sou yon egzamen ki deja devlope nan nivo nasyonal yo rele PARCC (Partnership for Assessment of Readiness for College and Career - Patenarya Pou Egzamen Sou Dispozisyon Pou Kolèj ak Karyè).

Se jis Prentan 2017 MCAS 2.0 ap pare pou nou mete an aplikasyon. Pou prepare ou tranzisyon an, distri lekòl yo te gen yon chwa pou swa itilize ansyen MCAS la ane sa a, oswa pou itilize PARCC. Komite Cambridge School la te vote pou itilize PARCC ane sa a, pou prepare elèv nou yo pi byen pou pran MCAS 2.0 an 2017.

Sou do paj lèt sa a w ap jwenn orè egzamen Prentan 2016 la, ki gen ladan non lekòl k ap pran PARCC sou *òdinatè*, ak sa yo ki te chwazi pou kontinye pran egzamen ki fèt ak kreyon avèk papye a pou yon lòt ane ankò.

Gen anpil kesyon ak enkyetid sou zafè tès nòmalize, se poutèt sa nou te kreye yon sitwèb santralize ki gen plis enfòmasyon ak kesyon moun poze souvan. W ap jwenn lyen an sou sitwèb prensipal nou an, www.cpsd.us. Si ou gen kesyon sou patisipasyon pitit ou nan egzamen tout eta a, tanpri kontakte direktè/direktris lekòl li a.

Kòm dabitid, mwen vle di nou kijan mwen fyè gwo travay pwofesè ak administratè nou yo ap ap fè pou prepare pou chanjman sa yo. Epi tou mwen apreseye tout sa ou menm ou fè pou sipòte pitit ou pou li reyisi nan lekòl ak avni li.

Ak tout senserite,

Jeffrey M. Young
Responsab Administrasyon Lekòl Yo

Egzamen Tout Eta a: Plan Transizyon Cambridge Public Schools

2014-15: MCAS

2015-16: PARCC *Literati Angle ak Matematik*

- Klas 10^{èm} Ane: MCAS
- Syans: MCAS

2016-17: MCAS 2.0

Egzamen Tout Eta a: Peryòd & Fòm Selon Lekòl

Amigos Baldwin Cambridgeport Cambridge Street Fletcher Maynard Graham & Parks Kennedy-Longfellow King Open Morse Peabody Rindge Avenue Tobin Vassal Lane	Sou Papye -Matematik ak Literati Angle PARCC Syans ak Teknoloji Klas ^{5^{em}} Ane MCAS Orè yo varye men egzamen yo ap fèt ant 25 avril ak 27 me
Haggerty Martin Luther King Putnam Avenue	Sou Òdinatè -Matematik ak Literati Angle PARCC Syans ak Teknoloji Klas ^{5^{em}} Ane MCAS Orè yo varye men egzamen yo ap fèt ant 25 avril ak 6 jen
Cambridge Rindge & Latin School (lekòl segondè)	Syans ak Teknoloji Klas ^{9^{em}} Ane MCAS Klas 10 ^{em} Ane MCAS – Kondisyon Pou Gradye

Tès Ki Obligatwa Selon Klas

Klas Matyè

- 3èm ane Lekti, Matematik
- 4èm ane Konpreyansyon ak Konpozisyon Lekti Literati Lang Angle, Matematik
- 5èm ane English Language Arts Reading Comprehension, Mathematics, and Science and Technology/Engineering
- 6èm ane Konpreyansyon ak Konpozisyon Lekti Literati Lang Angle, Matematik
- 7èm ane Konpreyansyon Lekti Literati Lang Angle, ak Matematik
- 8èm ane Konpreyansyon Lekti Literati Lang Angle, Matematik, ak syans ak Teknoloji/Jeni
- 10èm ane Konpreyansyon ak Konpozisyon Lekti Literati Lang Angle, Matematik, Syans ak Teknoloji/Jeni (gade *)

* Biyoloji, Chimi, Entwodiksyon Sou Fizik, oswa Teknoloji/Jeni

Plis Enfòmasyon www.cpsd.us